

LEE HEALTH RÈGLEMAN AK PWOSEDI

ÈD FINANSYE		NIMEWO LOKALIZATÈ																					
K A L I T E	<input type="checkbox"/> Nan tout sistèm nan - Yon deklarasyon fòmèl valè, entansyon (règleman) ak atant yo (pwosedi) ki aplike pou chak anplwaye nan Sistèm nan.	CHAPIT: M05																					
	<input checked="" type="checkbox"/> Miltidisciplinè - Yon deklarasyon fòmèl valè, entansyon (règleman) ak atant yo (pwosedi) ki aplike pou plis pase yon disiplin e ki jeneralman gen yon karaktè klinik. Tcheke anba tout pati kote sa aplike.	TAB: 00																					
	<input type="checkbox"/> Depatmantal - Yon deklarasyon fòmèl valè, entansyon (règleman) ak atant yo (pwosedi) eksklizif pou yon depatman patikilye oswa gwoup moun nan yon depatman nan youn oswa plizyè lokal ki pa afekte okenn lòt pati.	# RÈGLEMAN: 190																					
Disiplin / lokal kote règleman miltidisciplinè a aplike:																							
<table style="width: 100%; border: none;"> <tr> <td><input type="checkbox"/> Jesyon Enfòmasyon Sante</td> <td><input type="checkbox"/> Famasi</td> <td><input type="checkbox"/> Swen Enfimye Avanse nan Lopital</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Pwòpte</td> <td><input type="checkbox"/> Operasyon Sant la</td> <td><input type="checkbox"/> Sèvis pou Pasyan Ekstèn</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Sistèm Enfòmasyon</td> <td><input type="checkbox"/> Radyoloji</td> <td><input type="checkbox"/> Sante Lakay</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Laboratwa</td> <td><input type="checkbox"/> Sèvis Reyabilitasyon</td> <td><input type="checkbox"/> HPCC</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Sèvis Jiridik</td> <td><input type="checkbox"/> Respiratwa</td> <td><input checked="" type="checkbox"/> Biwo Doktè</td> </tr> <tr> <td><input type="checkbox"/> Nitrisyon</td> <td><input type="checkbox"/> Sekirite</td> <td><input type="checkbox"/> Lopital Reyabilitasyon</td> </tr> <tr> <td><input checked="" type="checkbox"/> Lòt Biwo Biznis</td> <td><input checked="" type="checkbox"/> Enskripsyon</td> <td></td> </tr> </table>			<input type="checkbox"/> Jesyon Enfòmasyon Sante	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Swen Enfimye Avanse nan Lopital	<input type="checkbox"/> Pwòpte	<input type="checkbox"/> Operasyon Sant la	<input type="checkbox"/> Sèvis pou Pasyan Ekstèn	<input type="checkbox"/> Sistèm Enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Sante Lakay	<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis Reyabilitasyon	<input type="checkbox"/> HPCC	<input type="checkbox"/> Sèvis Jiridik	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input checked="" type="checkbox"/> Biwo Doktè	<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sekirite	<input type="checkbox"/> Lopital Reyabilitasyon	<input checked="" type="checkbox"/> Lòt Biwo Biznis	<input checked="" type="checkbox"/> Enskripsyon	
<input type="checkbox"/> Jesyon Enfòmasyon Sante	<input type="checkbox"/> Famasi	<input type="checkbox"/> Swen Enfimye Avanse nan Lopital																					
<input type="checkbox"/> Pwòpte	<input type="checkbox"/> Operasyon Sant la	<input type="checkbox"/> Sèvis pou Pasyan Ekstèn																					
<input type="checkbox"/> Sistèm Enfòmasyon	<input type="checkbox"/> Radyoloji	<input type="checkbox"/> Sante Lakay																					
<input type="checkbox"/> Laboratwa	<input type="checkbox"/> Sèvis Reyabilitasyon	<input type="checkbox"/> HPCC																					
<input type="checkbox"/> Sèvis Jiridik	<input type="checkbox"/> Respiratwa	<input checked="" type="checkbox"/> Biwo Doktè																					
<input type="checkbox"/> Nitrisyon	<input type="checkbox"/> Sekirite	<input type="checkbox"/> Lopital Reyabilitasyon																					
<input checked="" type="checkbox"/> Lòt Biwo Biznis	<input checked="" type="checkbox"/> Enskripsyon																						
Dat li kòmanse: 11/15	Revize/Pa Gen Revizyon:	Dat li te Revize: 10/18, 3/19, 01/21																					
Otè (yo): Anne Rose; Jason Mather																							
Revize pa: <table style="width: 100%; border: none;"> <tr> <td style="border: none;">Konsèy Pratik Klinik:</td> <td style="border: none;">Pa Aplikab</td> <td style="border: none;">Dat: _____</td> </tr> <tr> <td style="border: none;">Konsèy Edikasyon Klinik</td> <td style="border: none;">Wi Non:</td> <td style="border: none;">Edikasyon ki Fini: <input type="checkbox"/> Dat: _____</td> </tr> <tr> <td style="border: none;">Plan Edikasyon Obligatwa: <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/></td> <td></td> <td style="border: none;">Dat: _____</td> </tr> </table>			Konsèy Pratik Klinik:	Pa Aplikab	Dat: _____	Konsèy Edikasyon Klinik	Wi Non:	Edikasyon ki Fini: <input type="checkbox"/> Dat: _____	Plan Edikasyon Obligatwa: <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>		Dat: _____												
Konsèy Pratik Klinik:	Pa Aplikab	Dat: _____																					
Konsèy Edikasyon Klinik	Wi Non:	Edikasyon ki Fini: <input type="checkbox"/> Dat: _____																					
Plan Edikasyon Obligatwa: <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>		Dat: _____																					
Apwouve pa: <table style="width: 100%; border: none;"> <tr> <td style="border: none;">Administratè Règleman:</td> <td style="border: none;">Anne Rose, Vis Prezidan, Sik Revni</td> <td style="border: none;">Dat: 15/03/19</td> </tr> </table>			Administratè Règleman:	Anne Rose, Vis Prezidan, Sik Revni	Dat: 15/03/19																		
Administratè Règleman:	Anne Rose, Vis Prezidan, Sik Revni	Dat: 15/03/19																					

OBJEKTIF:

Pou etabli kritè ak pwosesis kote Lee Health ofri èd finansye pou pasyan ki kalifye.

Definisyon:

Swen Medikal Dijans - Swen pou trete yon kondisyon medikal ki manifeste tèt li atravè sentòm avanse ki ase grav (sa gen ladann doulè grav) nan nivo ke si pa gen swen medikal imedyat, yo ta ka atann sa lakòz: gwo pwoblèm nan fonksyònman kò a oswa malfonksyònman grav nenpòt ògàn oswa nenpòt pati nan kò a oswa ki konpwomèt sante moun nan anpil.

Redevans Brit - Redevans total nan tarif konplè ki etabli nan lopital k ap bay swen an pou dispozisyon sèvis swen pasyan an anvan dediksyon nan revni yo aplike.

Swen ki Nesesè Medikalman - Swen medikal ki satisfè kondisyon annapre yo: (a) nesèsè pou pwoteje lavi, pou anpeche gwo maladi oswa gwo andikap, oswa pou soulaje gwo doulè; (b) endividyalize, espesifik ak konsistan avèk sentòm oswa dyagnostik ki konfime pou maladi oswa blesi a dapre tretman an e ki pa depase bezwen pasyan an; (c) konsistan avèk estanda medikal pwofesyonèl ki aksepte an jeneral jan pwogram Medicaid la detèmine sa epi ki pa eksperimental oswa investigasyonèl; (d) reflektif nivo sèvis ki ka bay san danje ak kote pa gen okenn tretman ki osi efikas ak pi konsèvatif oswa ki koute mwens kòb ki disponib nan tout eta a; ak (e) bay nan yon fason ki pa te premye destine pou konfò pasyan an, moun k ap bay pasyan an swen oswa founisè a. Definisyon sa pou “swen ki nesèsè medikalman” se menm definisyon ki kòm referans nan Règ Kòd Administratif Florid (Florida Administrative Code Rule) 59G-1.010 ki reji pwogram Medicaid nan Florid la ak Règleman sou Definisyon Medicaid nan Florid (Florida Medicaid Definitions Policy).

Sèvis ki annapre yo pa pral konsidere kòm “swen ki nesèsè medikalman” pou rezon règleman sa san sètifikasyon yon doktè ki di sèvis yo nesèsè medikalman jan sa defini anwo a:

- Sèvis kosmetik;
- Sèvis ki lye ak baryatrik (pèt pwa);
- Sèvis opsyonèl;
- Sèvis ki pa te resevwa nan yon etablisman lopital Lee Health; ak
- Sèvis yo jije Medicare pa kouvri, menm si yon pasyan gen Medicare ki kouvri oswa pa kouvri li.

Zòn Sèvis Prensipal - Konte Lee, Charlotte, Collier, Glades, ak Hendry nan Florid.

Pa asire - Yon pasyan ki pa gen okenn nivo asirans oswa èd nan men yon tyès pati pou ede satisfè obligasyon peman li yo.

RÈGLEMAN:

Règleman Èd Finansye Lee Health la (“FAP”) aplike pou swen medikal dijans ak swen ki nesèsè medikalman ki bay nan yon etablisman lopital Lee Health ak ki gen ladann sèvis doktè Lee Physician Group bay pou pasyan ki entène nan lopital la oswa pasyan ki nan sal dijans nan lopital la. FAP la pa aplikab pou swen ki bay andeyò etablisman lopital Lee Health la, tankou vizit nan biwo doktè Lee Physician Group yo. Doktè tretan Lee Health pa anplwaye yo ka oswa ka pa ofri rabè pou èd finansye.

Gen yon lis founisè konplè ki idantifye doktè ke FAP la kouvri oswa pa kouvri ke nou ka jwenn nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>. Ou ka mande yon kopi papyè lis doktè a lè ou rele Central Business Office (Biwo Biznis Santral) la nan 1-800-809-9906. Yo mete lis sa ajou chak trimès pou piti.

Pasyan yo kalifye pou èd finansye dapre FAP la sèlman si yo satisfè yon plafon revni ki aplikab ak:

- a) Pa asire;
- b) Rete nan zòn sèvis prensipal Lee Health la;
- c) Bay Lee Health enfòmasyon nesèsè sou finans kay la; ak
- d) Resevwa sèvis nan yon etablisman lopital Lee Health (Rehabilitation Hospital, Cape Coral Hospital; Golisano Children's Hospital; Gulf Coast Medical Center; HealthPark Medical Center; ak Lee Memorial Hospital).

Èd finansye a pa disponib pou:

- a) Ko-peman asirans;
- b) Dediktib asirans;
- c) Moun ki pa rive respekte kondisyon rezonab asirans yo tankou pou jwenn otorizasyon oswa pou rekòmandasyon;
- d) Moun ki kite kouvèti asirans; ak
- e) Moun ki rete andeyò zòn sèvis prensipal Lee Health la.

Kèlkeswa kalifikasyon yon pasyan dapre FAP la, Lee Health pral bay, san diskriminasyon, swen pou kondisyon medikal dijans (jan seksyon 1867 Lwa Sekirite Sosyal la defini sa). Lee Health pa pral angaje li nan aksyon ki dekouraje moun chèche swen medikal dijans. Yon rekonpans pou èd finansye pa elimine dwa Lee Health pou jwenn peman nan men lòt sous yo, tankou asirans, aranjman dèt ak jijman. Anplis de sa, Lee Health ka deside li menm pou bay èd finansye ak pasyan ki rete andeyò zòn sèvis prensipal li a.

METÒD POU APLIKE

Chak pasyan gen opòtinite pou aplike pou èd finansye nenpòt lè nan kad relasyon li gen ak Lee Health:

- a) Anvan tretman;
- b) Pandan tretman; ak
- c) Jiskaske yo pran desizyon sou ka li a.

Nou mande pasyan yo pou ranpli Aplikasyon Èd Finansye ("FAA") Lee Health la epi soumèt enfòmasyon nou mande yo. Pasyan yo dwe retounen FAA a ak enfòmasyon yo nan entèval 15 jou apre yo fin enskri nan lopital la. FAA a disponib sou entènèt nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

Yon FAA ki gen atestasyon ki siyen ka aksepte kòm dokiman ki sifi pou revni yo rapòte amwenske Lee Health, selon sa li decide, mande dokiman jistikatif. Lee Health ka mande nenpòt nan dokiman jistikatif ki anba yo pou pasyan an oswa kay pasyan an:

- a) Fich peman;
- b) Deklarasyon enpo pou revni;
- c) Deklarasyon bankè ki montre depo lajan ou fè nan kont kouran oswa kont depay;
- d) Verifikasyon salè alekri anplwayè a bay;
- e) Fòm retni W-2;
- f) Verifikasyon alekri nan men yon ajans gouvènmantral ki konfime kondisyon revni yon pasyan;
- g) Deklarasyon sipò nan men yon zanmi bay lòske yo rapòte revni an se \$0;
- h) Rapò kredi; ak
- i) Dokiman ki montre kote pasyan an rete nan zòn sèvis prensipal Lee Health la.

Lè ou pa bay dokiman jistikatif yo, sa pa vle di Lee Health p ap ba w èd finansye, sa depann de desizyon li.

Pasyan yo ki idantifye kòm otonòm yo dwe bay dosye deklarasyon enpo pèsònèl ak pou biznis la pou 12 mwa anvan dat sèvis la kòm yon pati nan aplikasyon pou èd finansye yo a.

Lee Health ka chèche verifye revni, sa gen ladann tcheke antesedan kredi yon moun.

N ap konsidere tout aplikasyon yo. Gen efò rezonab ki pral fèt pou detèmine kalifikasyon pou èd sou baz aplikasyon ki pa fini ranpli yo. Detèminasyon pou kalifikasyon yo ka chita sou enfòmasyon nou jwenn nan rapò kredi oswa nan enfòmasyon finansye, dyagnostik ak peman istorik ki te soumèt anvan sa.

Pasyan yo konnen ki gen benefis Medicaid yo ki fini ak/oswa ki pa gen kay ka sipoze kalifye pou èd finansye. Sipozisyon sa ka chita sou enfòmasyon nou jwenn nan Florida's Agency for Health Care Administration (*tankou*, pa mwayen pòtay entènèt Ajans la oswa Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid) oswa atravè lojisyèl bòdwo Lee Health la.

Apwobasyon pou èd finansye a ka pran jiska 30 jou apre yon aplikasyon fin ranpli ak apre tout dokiman jistikatif yo fin soumèt.

Pasyan yo ki kalifye pou èd finansye pral rete kalifye pou yon peryòd ki ale jiska 180 jou. Apre 180 jou yo, dokiman finansye ajou yo ap nesèsè pou detèmine lòt kalifikasyon.

Ap gen estimasyon ak konsèy pou èd finansye ki pral disponib sou demann anvan oswa apre yo fin resevwa sèvis yo.

Moun ki bezwen èd avèk pwosesis aplikasyon an ka kontakte biwo Patient Financial Services la nan 1-800-809-9906.

ÈD FINANSYE KI DISPONIB EPI KRITÈ KALIFIKASYON

Lee Health ofri èd finansye espesyalman nan de (2) fason: (1) èd finansye sou baz revni pasyan an, ak (2) rabè ki disponib pou pasyan ki pa asire.

1) Èd finansye sou baz revni

Si revni yon pasyan anba 400 pousan direktiv federal pou povrete a, pasyan an kapab resevwa kèk kalite èd finansye. Lee Health gen dwa pou decide bay èd finansye ak pasyan ki pa menm tonbe anndan estanda direktiv sou revni yo.

Revni pasyan	Montan èd finansye a
Nan oswa anba 200 pousan direktiv federal pou povrete a.	Pasyan an kalifye pou 100 pousan èd finansye (ki refere tou kòm “charity care”) epi frè lopital la ak frè Lee Physican Group yo ki gen pou wè ak swen lopital la pou Lee Health yo anile konplètman.
Ant 201 ak 400 pousan direktiv federal pou povrete a.	Pasyan an kalifye pou 80 pousan rediksyon nan redevans brit ki soti nan lopital Lee Health yo ak frè Lee Physician Group yo ki gen pou wè ak swen lopital la, sa ki vle di, pasyan an peye 20 pousan redevans brit yo.
Responsablite pasyan an pou redevans lopital la depase 25 pousan revni fanmi an men revni fanmi an pa depase kat fwa nivo federal povrete a pou yon fanmi ki gen kat.	Pasyan an kalifye pou 100 pousan èd finansye epi frè lopital la ak frè Lee Physican Group yo ki gen pou wè ak swen lopital la pou Lee Health yo anile konplètman.

Rabè ak ajisteman sa yo pa aplike pou founisè ki pa gen kontra avèk nou oswa okenn kont ki se rezilta yon aksidan, reklamasyon dèt oswa lòt aksyon ki lakòz yon aranjman jiridik. Anplis, rabè sa yo pa dwe aplike jiskaske tout sous peman tyès pati yo ki nan yon kont te idantifye e aplike.

Èd finansye sou revni pou pasyan k ap swiv tretman aktif pou kansè.

Si revni yon pasyan anba 400 pousan direktiv federal pou povrete a; epi pasyan an ap swiv tretman aktif pou kansè, pasyan an kapab resevwa kèk kalite èd finansye. Lee Health gen dwa pou decide si l ap bay pasyan ki pa tonbe anndan estanda direktiv sou revni yo èd finansye.

Revni pasyan	Montan èd finansye a
Nan oswa anba 400 pousan direktiv federal povrete a.	Pasyan an kalifye pou 100 pousan èd finansye (ki refere tou kòm “charity care”) epi frè lopital la ak frè Lee Physican Group yo ki gen pou wè ak swen lopital la pou Lee Health yo anile konplètman, sa gen ladann balans apre asirans yo amwenske ke lalwa entèdi sa.

--	--

Rabè ak ajisteman sa yo pa aplike pou founisè ki pa gen kontra avèk nou oswa okenn kont ki se rezilta yon aksidan, reklamasyon det oswa lòt aksyon ki lakòz yon aranjman jiridik. Anplis, rabè sa yo pa dwe aplike jiskaske tout sous peman tyès pati yo ki nan yon kont te idantifye e aplike.

2) Rabè pou pasyan ki pa asire

Si yon pasyan pa asire e pa kalifye pou èd finansye sou baz revni, Lee Health ofri yon rabè 25% sou redevans total la.

BAZ POU KALKILE MONTAN KI FAKTIRE AN JENERAL

Lè yon pasyan kalifye pou èd finansye ki pi piti pase 100 pousan redevans brit ki etabli anwo a, frè yo ke pasyan an responsab pou peye yo p ap depase montan ki faktire an jeneral bay moun ki gen asirans ki kouvri swen sa ("AGB").

Lee Health itilize metòd "look-back" (peryòd evalyasyon) pou kalkile AGB pou etablisman lopital li yo. AGB a se pi gwo montan nou pral pran nan men yon pasyan ki kalifye pou èd finansye dapre Règleman Èd Finansye a. Pousantaj AGB a chita sou tout reklamasyon Medicare, Medicaid ak konpayi asirans prive yo otorize sou yon peryòd 12 mwa, divize pa redevans brit ki asosye ak reklamasyon sa yo. Nou ka jwenn kalkil pou AGB Lee Health la nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.

AKSYON REKOUVREMAN

Bay èd finansye toujou preferab olye pou poze aksyon pou ranmase balans pasyan an dwe ki poko peye. Lee Health pral pran mezi rezonab yo pou detèmine kalifikasyon yon pasyan dapre FAP la. Etap sa yo gen ladann diskite FAP la nan moman enskripsyon an, mete materyèl aplikasyon yo disponib nan zòn enskripsyon nan lopital la ak sou entènèt epi bay konsèy finansye. Men pasyan yo dwe se patisipan aktif nan pwosesis aplikasyon an ak soumèt dokiman ki nesèsè pou sipòte aplikasyon yo a.

Si pasyan yo pa aplike oswa kalifye pou èd finansye e pa peye balans yo, n ap voye kont la bay yon ajans rekouvremant. N ap voye yon lèt bay pasyan yo, anplis de deklarasyon final yo a, pou enfòmè yo ke kont la transfere bay yon ajans rekouvremant. Pasyan yo gen senk jou louvrab pou reponn lèt la anvan aksyon rekouvremant yo kòmanse. Pandan Lee Health ka refere kont yo bay yon ajans koleksyon pou plis efò rekouvremant, Lee Health pa angaje li nan aksyon rekouvremant ekstraòdinè pou vann kont sa yo bay ajans rekouvremant.

Lee Health ka poze aksyon jiridik kont pasyan yo ki pa kalifye pou èd finansye e ki gen ase byen pou kouvri balans ki pa peye yo pou plis pase 120 jou. Pa gen aksyon jiridik k ap kòmanse san apwobasyon konsèy jiridik entèn Lee Health la epi pasyan an ap gen yon avi 30 jou anvan aksyon jiridik yo kòmanse. Aksyon jiridik sa ka gen ladann pouswit lajistis ak sezi sou salè yo. Nan kèk sikonstans limite ak jan lalwa pèmèt sa, Lee Health ka refize (oswa egzije peman anvan li bay) swen ki pa prèske remakab pou yon moun ki pa te peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen Lee Health te ba li anvan. Lee Health ka depoze reklamasyon nan pwosedi fayit ak siksesyon epi egzèsè privilèj jan lalwa reji sa.

Biwo Patient Financial Services Lee Health la, an konsiltasyon avèk Legal Services Department la, gen dènye otorite pou decide si Lee Health te fè efò rezonab pou detèmine kalifikasyon pou FAP la anvan yo kòmanse aksyon rekouvremant yo.

PIBLIKASYON FAP LA

FAP sa, ansanm ak FAA a ak yon rezime nan langaj klè FAP la, pral mete piblik nan tout kominote Lee Health sèvi a, nan tout respè ak U.S. Department of Treasury Regulations (Depatman Ameriken pou Règleman Trezò). Lee Health pral mete menm materyèl sa yo ak notifikasyon obligatwa yo disponib nan lang Espayòl, Kreyòl Ayisyen, Alman ak lang prensipal nenpòt lòt gwoup ki gen yon popilasyon ki depase minimòm 1000 moun oswa senk pousan (5%) kominote Lee Health sèvi.

Si yon pasyan kalifye pou asistans finansye epi yo elimine dèt ki sou kont lan kòm yon depans karikatif, yo pap ka reklame l kòm yon move dèt.

Moun ki gen kesyon sou Règleman Èd Finansye a ka rele yon konseye finansye nan 1-800-809-9906. Enfòmasyon sou Règleman Èd Finansye a disponib tou nan <http://www.leehealth.org/businessoffice/financial-assistance.asp>.